

Anplis de yon sibvansyon HEAP, gen lòt fason senp ou ka fè pou rete cho epi ede jere depans kouran ou:

Pou w jwenn enfòmasyon sou pwogram yo ki kapab diminye depans enèji ou, tanpri kontakte New York State Energy Research and Development Authority nan 866-NYSERDA (866-697-3732) oswa vizite: [www.nyserda.ny.gov/residential](http://www.nyserda.ny.gov/residential)

Si kay ou bezwen fè sèvis entanperizasyon, tanpri kontakte New York State Homes and Community Renewal nan 866-275-3427 oswa vizite: [www.nyshcr.org/programs/weatherizationassistance](http://www.nyshcr.org/programs/weatherizationassistance)



## Kite Chofaj la limen avèk HEAP

Eta New York rann li fasil pou Nouyòkè yo ki gen revni fèb jwenn benefis HEAP kap ede yo peye pou bòdwo chofaj yo.

*Sèl fason pou konnen si w kalifye se pou aplike.*

Pou chèche konnen kilè benefis HEAP yo ap disponib pandan ane a, vizite [otda.ny.gov](http://otda.ny.gov) oswa rele **800-342-3009**.

*Verifye kalifikasyon ou pou yon laj varyete benefis epi aplike pou HEAP nan*

**[myBenefits.ny.gov](http://myBenefits.ny.gov)**



Office of Temporary and Disability Assistance

[otda.ny.gov](http://otda.ny.gov)

Pub-4735-HA (Rev. 08/15)

## Kite Chofaj la limen avèk HEAP



**HEAP**  
Home Energy Assistance Program

Yon Pwogram Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite

# HEAP

**Pwogram Asistans Enèji nan Kay (HEAP) ap ede Nouyòkè ki gen revni fèb yo peye bòdwo kouran yo. Si bòdwo ou plis pase sa ou kapab peye, HEAP ka ede ou chofe kay ou.**

## HEAP Ka Ede Ou Si Sous chofaj Ou se:

- Kouran elektrik
- Lwil
- Pwopàn
- Kewozèn
- Gaz Natirèl
- Chabon
- Bwa / Palèt Bwa
- Mayi

## Ou Ka Kalifye pou yon Benefis Regilye HEAP si:

- Oumenm ak moun yo ki lakay ou se sitwayen Ameriken oswa etranje ki kalifye - **ak** -
- Revni anyèl brit kay ou nan oswa pi piti pase gid revni aktyèl la pou kantite moun ki lakay ou. Ou ka jwenn direktiv yo: **otda.ny.gov/programs/heap** - **oswa** -
- Ou resevwa Pwogram Benefis Asistans Nitrisyon Siplemanntè (**SNAP**) - **oswa** -
- Ou resevwa Asistans Tanporè - **oswa** -
- Ou resevwa Sekirite Revni Siplemanntè Kòd A (**SSI pou Lavi sèlman**)

## Kijan Pou w Aplike?

Ou ka aplike pou yon benefis regilye HEAP nan fason ki annaprè yo:

- **An Pèsòn** Ou ka aplike nan depatman sèvis sosyal lokal ou oswa nan anpil òganizasyon kominotè - **oswa** -
- **Pa telefòn ak Lapòs** Ou ka rele depatman sèvis sosyal lokal ou a epi mande yo pou voye pa lapòs yon aplikasyon HEAP oswa ou ka telechaje epi voye aplikasyon HEAP a pa lapòs\* - **oswa** -
- **Entènèt:** Si ou deyò Vil New York, ou ka vizite: **myBenefits.ny.gov** pou aplike sou entènèt

Kantite lajan benefis HEAP p ap menm selon revni moun lakay ou, epi li ka disponib menmsi sèvis chofaj ou fè pati nan pri lwaye ou.

Ou ka kalifye pou yon benefis regilye HEAP menmsi ou gen lajan labank, aksyon, obligasyon, oswa lòt resous.

Si ou kalifye pou HEAP, ou ka kalifye pou benefis Asistans Nitrisyon Siplemanntè [Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)]. Ou ka verifye si ou kalifye epi aplike pou SNAP nan **myBenefits.ny.gov**.

\*Vizite **otda.ny.gov/programs/heap/apply** pou w jwenn yon lis kontak depatman lokal ak aplikasyon HEAP.

## Kisa pou Fè Si Ou Gen yon Ijans pou Enèji?

Si ou gen ijans ki gen rapò avèk enèji, tankou yon avi pou yo koupe kouran w oswa mwens pase yon ka tank /oswa apwovizyonman gaz chofaj pou dis jou, ou ka aplike pou yon benefis ijans HEAP nan depatman sèvis sosyal lokal ou a. Si ou kalifye, yo ka ba ou yon benefis ijans HEAP anplis de benefis regilye HEAP ou, Si benefis regilye a te epwize.

## Ou ka kalifye pou yon Benefis Ijans HEAP si:

- Revni ou nan oswa pi piti pase gid revni aktyèl la, oswa wap resevwa Asistans Familyal, Safety Net Assistance, SNAP oswa Kòd A Revni Sekirite Siplemanntè, e ou pa gen ase resous lajan kach pou reponn a ijans lan - **e** -
- Gaz natirèl oswa chofaj elektrik ou koupe oswa pwograme pou koupe - **oswa** -
- Ou pa gen gaz (lwil kerozèn, pwopan) oswa ou genyen mwens pase yon ka tank gaz - **oswa** -
- Ou pa gen bwa, chabon oswa lòt sous gaz, oswa ou gen mwens pase yon rezèv pou dis jou - **oswa** -
- Elektrisite w nesese pou sistèm chofaj la fonksyone e li swa koupe oswa pwograme pou koupe.

